

Men kote w ka jwenn plis enfòmasyon ak sipò

Manm pèsònèl **Family Health Line** (Liy Telefòn pou Sante Fanmi) ka reponn kesyon sou swen anvan akouchman, swen medikal pou bebe, planin familyal ak itilizasyon dwòg ak alkòl. Yo pale anglè, panyòl ak kreyòl. Tout apèl konfidansyèl e gratis.
Rele nan 1-800-451-2229.

Si pitit ou gen bezwen swen medikal espesyal, **Florida Directory of Early Childhood Services** (Lis Adrès Sèvis Florid pou Timoun anbazaj) bay enfòmasyon ak rekòmasyon sou sa.
Rele nan 1-800-654-4440.

Abi afekte anpil fanmi. Si yon moun malmennen w, **w ka jwenn refij, èd sikosyal ak èd legal** ki disponib pou sa.
Rele nan 1-800-500-1119.

Pou fanm ansent, fanm k ap bay bebe yo tete, tibebe ak timoun, **WIC** ofri konsèy sou nitrisyon ak manje ki bon pou lasante.
Rele nan 1-800-342-3556.



Si w ta vle gen plis enfòmasyon sou pwogram *Healthy Start* la, pale sou sa avèk moun ki ba w swen medikal, doktè w oswa rele Pwogram *Healthy Start* nan zòn ou an:



Oswa rele Kowalisyon *Healthy Start* ki nan zòn ou an:



DH 150-327, 6/05 Stock #5730-327-0150-9

Tès Healthy Start pou Depistaj Risk sou Tibebe



Tibebe ou fèk fèt?

☑Wi

W ap viv nan Eta Florid?

☑Wi

Mande doktè, enfimyè, pèsonèl lopital la, pèsonèl matènite a oswa fanmsaj la pou fè yon *Healthy Start* Infant Screen (Tès *Healthy Start* pou Depistaj Risk sou Tibebe).

Ou pa gen pou peye ni pou tès depistaj la ni pou sèvis pwogram nan ofri.

Ou vle ede tibebe vin janm e devlope ansante. *Healthy Start* ka ede w nan sans sa.



Kisa yon Tès *Healthy Start* pou Depistaj Risk sou Tibebe ye?

Tès *Healthy Start* pou Depistaj Risk sou Tibebe se yon seri kesyon ki ede w konnen si gen nenpòt pwoblèm ak sante tibebe ou lè li fèt ki ka vin afekte premye ane lavi li.

Repons pou tout kesyon yo ap rete **konfidansyèl** epi y ap sèvi sèlman pou ede tibebe ou jwenn pi bon swen ki posib.

Pou kisa ou ta dwe fè yon Tès *Healthy Start* pou Depistaj Risk sou Tibebe?

Nenpòt fanm ka gen yon tibebe ki fèt twò piti oswa twò bonè.

Lè w di "Wi" w dakò pou tès la, sa ap ede ou ranmase enfòmasyon ki ka fè tout manman ak tibebe k ap viv nan Eta Florid vin jwenn pi bon swen medikal toujou.

Y ap ofri w sèvis yo selon rezilta tès tibebe ou. Se oumenm ki va deside si tibebe w ap resevwa oswa p ap resevwa sèvis yo.

Si w di "Wi" w dakò pou *Healthy Start* kontakte w, yon reprezantan pwogram nan ap pran kontak avèk ou. Y ap eksplike w rezilta tès depistaj la epi y va reponn kesyon w yo. Nou toulède ap deside kisa oumenm ak tibebe ou bezwen pou jwenn sèvis yo nan zòn ou an.

Men kèk sèvis pwogram *Healthy Start* la ka ofri:

- Fòmasyon ak sipò pou edikasyon timoun
- Fòmasyon ak sipò pou bay tibebe tete
- Tchèk kwasans ak devlopman timoun
- Èd pou diminye estrès
- Èd pou kite fimèn
- Kèk ide sou alimantasyon ki bon pou lasante
- Enfòmasyon sou fason pou planifye ak prevwa gwosès yo alavni pou ka gen pi bon sante
- Lyen avèk lòt sèvis nan kominote a

Sa w fè ap gen yo gwo efè sou fason tibebe ou ap grandi.

Asire w:

- Bay tibebe w tete toutotan ou kapab.
- Manje manje ki bon pou ou ak tibebe w.
- Pa bwè alkòl, pa fimèn sigarèt, pa itilize dwòg oswa tabak.
- Fè letki pou tibebe w.
- Mennen tibebe w pran Baby Shots (Vaksen Tibebe) pou maladi ka pa tonbe sou li fasil epi pou pa ap nan mache lakay doktè.
- Toujou mete tibebe dòmi sou do.
- Tann omwen dezan (2 ane) apre tibebe w fin fèt pou ou ansent ankò. Sa va pibon pou sante w ak sante tibebe ou.

Tout tibebe merite kòmanse lavi yo ansante!

